

eardrum	tenpan	manbràn di deyò zòrèy ki gen yon epesè apeprè 0.1 milimèt epi ki transmèt vibrasyon son yon yo andedan sant zòrèy la.
earthquake	tranblemanntè	vibrasyon ki pwodui lè wòch yo sou yon fay.
echolocation	ekolokasyon	pwosesis pou lokalize objè lè yo emèt son epi entèprete onn sonò ki reflete.
ecology	ekoloji	etid entè-aksyon ki fèt ant òganis ak anviwònman yo.
ecosystem	ekosistèm	tout òganis vivan k ap viv nan yon zòn ak karakteristik ki pa gen lavi nan anviwònman yo.
ectotherm	ektotèm	zannimo vètebre ki gen chanjman nan tanperati andedan li lè tanperati anviwònman li chanje.
efficiency	ranman	rapò ant travay pwodiksyon yon machin fè ak travay faktè pwodiksyon ki fèt sou machin nan; rapò sa a eksprime an pousantaj.
egg	ze	selil jèminal aployid ki fòme nan ògàn repwodiktris femèl la.
El Niño	Èlninyon	evènman klimatik ki kòmanse nan Oseyan Pasifik twopikal; li ka rive lè alize yo afebli oswa soufle nan sans envès, epitou li ka boulvèse tanperati nòmal ak modèl presipitasyon toupatou nan monn lan.
elastic potential energy	enèji potansyèl elastik	enèji ki estoke lè yon objè konprese oswa detire.
electric current	kouran elektrik	mouvman nè chaj elektrik nan yon sèl direksyon; li mezire ann anpè (A).
electric motor	motè elektrik	aparèy ki konvèti enèji elektrik an enèji mekanik

		lè li itilize fòs mayetik ant yon elektwo-eman ak yon leman pèmanan pou fè yon aks vire.
electrical power	puisans elektrik	to enèji elektrik konvèti an yon lòt fòm enèji; li eksprime an wat (W).
electrolyte	elektwolit	konpoze ki separe nan dlo pou li fòme patikil ki chaje (iyon) ki ka kondui elekrisite.
electromagnet	elektwo-eman	leman tanporè ki fèt lè yo vlope yon bobin fil k ap kondui yon kouran ozalantou yon nwayo fè.
electromagnetic induction	endiksyon elektwomayetik	pwosesis pou pwodui kouran elektrik nan yon bouk avèk yon chanjman chan mayetik la.
electromagnetic spectrum	espèk elektwomayetik	aranjman onn elektwomayetik selon longèdonn yo.
electromagnetic waves	onn elektwomayetik	onn ki kreye nan vibrasyon chaj elektrik yo, yo ka pwopaje atravè yon vid oswa yon matyè, epi yo gen divès kalite frekans ak longèdonn.
electron cloud	nyaj elektwon	zòn ozalantou nwayo yon atòm kote elektwon atòm yo pi fasil pou jwenn.
electron dot diagram	dyagram pwen elektwon	itilizasyon senbòl pou yon eleman ak pwen pou reprezante kantite elektwon nan nivo enèji ki sou deyò eleman an.
electron	elektwon	patikil ki gen yon chaj negatif.
electrons	elektwon	patikil ki antoure sant yon atòm ki gen yon chaj 1-.
element	eleman	sisbtans ki fòme avèk yon sèl kalite atòm.
ellipse	elips	koub alonje fèmen ki dekri òbit latè pandan yon ane ozalantou solèy la.
embryo	abriyon	ze fekonde ki tache sou

		pawa matris la.
embryology	anbriyoloji	etid anbriyon yo ak devlopman yo.
emphysema	anfisèm	maladi poumon ki lakòz alveyòl yo gwosi.
endergonic reaction	reyaksyon andègonik	reyaksyon chimik bezwen faktè enèji (chalè, limyè oswa elektrisite) pou li ka fèt.
endocytosis	andositoz	pwosesis kote yon selil absòbe yon sibstans lè li antoure sibstans lan avèk manbràn selilè a.
endoplasmic reticulum (ER)	retikilòm andoplasmik (ER)	òganèl sitoplasmik ki deplase sibstans yo ozalantou yon selil epi ki fòme avèk yon seri konplèks manbràn ki plwaye; li ka sèk (avèk ribozòm ki asosye) oswa mou (san ribozòm ki asosye).
endoskeleton	andoskèlèt	estrikti sipò zo ak/oswa katilaj ki pwokire yon plas entèn pou atachman misk yo epi ki pwoteje ògàn entèn yon vètebre.
endospore	andospò	estrikti pwotektif ki gen pawa epè kèk bakteri pwodui lè kondisyon yo pa favorab pou sivi.
endotherm	andotèm	zannimo vètebre ki gen yon tanperati andedan ki prèske konstan.
endothermic reaction	reyaksyon andotèmik	reyaksyon chimik ki enèji chalè pou li ka fèt.
energy pyramid	piramid enèjetik	modèl ki montre kantite enèji ki disponib nan chak nivo alimantasyon nan yon ekosistèm.
enzyme	anzim	yon kalite pwoteyin ki kontwole prèske tout reyaksyon chimik yo nan selil yo; yon kalite pwoteyin ki fè reyaksyon chimik yo ale pi vit nan kò a san li pa chanje ni

		itilize li poukont li.
eon	eyon	soudivizyon ki pi long nan peryòd tan jeyolojik ki baze sou abondans sèten kalite fosil epi ki sibdivize an è, peryòd ak epòk.
epicenter	episant	pwen sou sifas latè ki dirèkteman anwo sant yon tranblemanntè.
epidermis	epidèm	kouch ekstèn po pi mens ki toujou pwodui nouvo selil pou ranplase selil ki mouri epi ki disparèt sou sifas li.
epoch	epòk	pwochen pi piti divizyon tan jeyolojik apre yon peryòd; li karakterize nan diferans nan kreyati vivan ki ka varye selon rejyon an.
equator	ekwatè	liy imajinè ki antoure latè a yon latitud 0°, nan mitan pòl nò ak pòl sid.
equilibrium	ekilib	fèt lè molekil yon sibstans gaye toupatou nan yon lòt sibstans.
equinox	ekinòks	yon tan de (2) fwa pa ane-chak sezon prentan ak lotòn-lè solèy la dirèkteman sou ekwatè a epi kantite èdtan pou lajounen ak lannwit egal toupatou nan monn lan.
era	è	dezyèm divizyon tan jeyolojik ki pi long; li sibdivize an peryòd epi li baze sou chanjman mondyal enpòtan nan kalite fosil yo.
erosion	ewozyon	pwosesis kote sibstans sipèfisyèl ize epi ajan tankou pezantè, dlo van ak glasye deplase yo yon kote pou mete yo yon lòt kote.
estivation	estivasyon	inaktivite nan mwa ki cho ak sèk.

estuary	estyè	espas kote yon rivyè rankontre yon oseyan ki gen yon melanj dlo fre ak dlo oseyan epi ki reprezante yon abita enpòtan pou anpil òganis maren.
ethics	etiik	etid valè moral konsènan sa ki bon oswa move.
evaporation	evaporasyon	pwosesis ki fèt lè yon likid tounen yon gaz.
evolution	evolisyon	chanjman nan eritaj karakteristik pandan yon peryòd tan.
exergonic reaction	reyaksyon egzègonik	reyaksyon chimik ki degaje kèk fòm enèji, tankou limyè oswa chalè.
exocytosis	egzositoz	pwosesis kote vezikil yo lage tout sa ki ladan yo pa deyò selil la.
exoskeleton	egzoskèlèt	kouvèti epè, di ak ekstèn ki pwoteje ak sipòte kò atwopòd yo epi ki reprezante kote pou misk yo asosye.
exothermic reaction	reyaksyon egzotèmik	reyaksyon chimik kote enèji degaje sitou sou fòm chalè.
extrusive	ekstrizif	dekri wòch igne ki gen grenn fen ki fòme lè magma a refwadi vit nan oswa toupre sifas latè.